QARAQALPAQSTAN
RESPUBLIKASI
SHIMBAY RAYONI
H A' K I M I
SH E SH I M I

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI
CHIMBOY TUMANI
H O K I M I
Q A R O R I

Shımbay rayonı | Chimbay tumani

№1480

2018-жыл 28-сентябрь

Социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекелесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳаққында

"Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 17-статьясына тийкарланып, Шымбай районы ҳәкимлиги социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекелесе алмайтуғын шахслар ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў мақсетинде

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Районда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилейди, райондағы кәрхана, мәкеме, шөлкемлер ушын хызметкерлердиң дизимдеги орташа санының 10 пайызы муғдарында, бул 112 адамды қурайды, соннан:

а) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 17,0 пайыз - 19 адам;

б) улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларының мәмлекетлик грантлары бойынша билим алған питкериўшилери ушын 50,9 пайыз - 57 адам;

в) мобилизациялық шақырыўы резервинде хызметти өтеп келген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қураллы Күшлери қатарынан мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар ушын 9,8 пайыз - 11 адам;

г) пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 4,5 пайыз – 5 адам;

д) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, яки судтың қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылыўынан азат етилген шахслар ушын 7,1 пайыз – 8 адам;

е) киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар ушын 4,5 пайыз – 5 адам;

ж) социаллық аҳмийетли кеселликлер менен наўқасланған пуқаралар ушын 1,8 пайыз – 2 адам;

з) адам саўдасынан жәбирленгенлер ушын 0,9 пайыз – 1 адам;

л) майыплар ушын 3,6 пайыз - 4 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. 2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға муўапық, 2019-жыл ушын белгилениўи тийис болған жумыс орынларына қойылатуғын талапларды анықлаў ушын дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Шахслардың көрсетип өтилген тайпалары ушын жумыс орынлары, санитариялық-гигиеналық нормаларға ҳәм хызметкер өз мийнет мәжбүриятларын тосықсыз орынланыўын тәмийинлейтуғын мийнет етиў шәраятларына муўапық болыўы тәмийинленсин.

4. Шөлкемлер баслықлары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары менен тастыйықланған Социалллық қорғаў мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекелесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәмде резервке қойыў тәртиби ҳаққындағы режеге муўапық усы шешимниң 1-қосымшасында көрсетилген жумыс орынларын шөлкемлестириўди тәмийинлесин.

5. Мүтәжлер ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў бойынша усы шешим орынланбағанда, сондай-ақ, оларды жумысқа қабыл етиў тийкарсыз рәўиште бас тартылғанлығы ушын шөлкемлердиң лаўазымлы шахсларына нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленеди.

6. Бәнтликке көмеклесиў орайы бес күн мүддетте усы шешимниң 1-қосымшасы менен тастыйықланған шөлкемлер баслықларының итибарына жеткизсин ҳәм усы шешим орынланыўы үстинен қадағалаўды тәмийинлесин.

7. Шымбай районы ҳәкиминиң 2017-жыл 15-ноябрь күнги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында”ғы 1780-санлы шешими (“Шымбай ҳаўазы” 2017-жыл 21-ноябрь 20-21 (8517)-сан) 2018-жыл 31-декабрь сәнесинен баслап өз күшин жойытқан деп есаплансын.

8. Усы шешим “Шымбай ҳаўазы” газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары К.Абдуллаев ҳәм Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры К.Джумамуратовларға жүкленсин.

10. Усы шешим рәсмий баспада жәрияланған күннен күшке киреди.

Шымбай районы ҳәкими **П.Ещанов**



Шымбай районы ҳәкиминиң
2018-жыл 28-сентябрь
1480-санлы шешимине
1-қосымша

2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими

№	Мәкеме ҳәм кәрхана атлары	Улыўма жумыс ислеўшилер саны	10% квота жумыс орны	Социалақ жақтан қорғаўға мүтәж категориялар								
				14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар	Улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларынәмлеетлик грантлары бойынша билим алған питкериўшилери	Мобилизациялық шақырылыў резервинде хызметти өтеп келген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қуралы Күшлери қатарынан мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар	Пенсия жасына жақынласып қалған пукаралар	Жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, яки судтың қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылыўынан азат етилген шахслар	Киши жастағы балалары болған ислемейтуғын ҳаяллар	Социаллық ақмийетли кеселликлер менен наўқасланғанлар	Адам саўдасынан жәбирленгенлер	Майыплар
А	***Б***	**1**	**2**	**3**	**4**	**5**	**6**	**7**	**8**	**9**	**10**	**11**
1	7-санлы мектеп	**63**	6	1	4	1	0	0	0	0	0	0

2	8-санлы мектеп	**42**	4	1	2	0	0	0	1	0	0	0
3	11-санлы мектеп	**39**	4	1	2	1	0	0	0	0	0	0
4	14-санлы мектеп	**89**	9	1	5	0	0	0	1	1	0	1
5	15-санлы мектеп	**65**	6	1	4	1	0	0	0	0	0	0
6	18-санлы мектеп	**40**	4	1	2	1	0	0	0	0	0	0
7	23-санлы мектеп	**45**	4	1	2	0	1	0	0	0	0	0
8	36-санлы қәнийгелестирилген мектеп	**97**	10	1	6	1	1	0	1	0	0	0
9	39-санлы мектеп	**54**	5	1	4	0	0	0	0	0	0	0
10	40-санлы мектеп	**96**	10	1	5	1	1	0	1	0	0	1
11	41-санлы мектеп	**57**	6	1	4	1	0	0	0	0	0	0
12	44-санлы мектеп	**82**	8	1	6	0	1	0	0	0	0	0
13	45-санлы мектеп	**50**	5	1	3	1	0	0	0	0	0	0
14	46-санлы мектеп	**56**	6	1	4	1	0	0	0	0	0	0
15	Шымбай Мәмлекетлик тогай хожалыгы	**58**	6	1	1	1	0	3	0	0	0	0
16	Шымбай районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы	**66**	7	1	2	0	0	3	0	0	0	1

KO'SHIRMESI DURIS
_____ _____ 20__ j.

17	Шымбай дән өнимлери Жуўапкершилиги шекленген жәмийети	**97**	10	2	0	1	1	2	1	1	1	1
18	22-санлы мектепке шекемги балалар бақшасы	**25**	2	1	1	0	0	0	0	0	0	0
Район бойынша		**1121**	**112**	**19**	**57**	**11**	**5**	**8**	**5**	**2**	**1**	**4**

KO'SHIRMESI DURIS
_____ 20 __ j.